**Ассаламу гIалайкум!**

# ЦIумадисезул гьаракь

(Голос Цумады)

2024 соналъул 19 июль Рузман №33 (7847) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда Багьа 8 гъурущ 12 +

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

**Барки**

**ХIурматиял почалъул хIалтIухъаби ва ветеранал!**

Баркула нужеда профессионалияб байрам-Россиялъул почалъул къо!

Кидаго почта букIана ва букIинеги буго халкъалъе хъулухъ гьабизе руччунаб ва божараб бухьеналъул алатлъун. Жакьа нилъ руго информациялъулаб технологиялъул гIасрулда гIумру гьабулел, амма, гьелда балагьичIого, халкъалъе гьабулеб хъулухъалъулъ почалъул кIвар цебегIадин цIикIкIараб буго. Районалъул халкъ кидаго нужеда балагьараб буго, ракIбацIцIадго тIубалеб буго нужеца гIадамазул хъулухъги.

Баркала нужее нужер чара гьечIого хIажатаб ва захIматаб хIалтIухъ.

Гьарула нужее щулияб сахлъи, рохел ва кинабго лъикIабщинаб. Рекъел ва парахалъи нужее, нужер хъизан-лъималазе ва гIагарлъиялъе.

**Шамил ГIумаров,** районалъул бетIер

## Шапакъатаздалъун кIодо гьаруна

Щибаб соналъ июлалъул кIиабилеб гьатIанкъоялъ нилъер улкаялда кIодо гьабула Россиялъул почалъул къо. Гьеб къо байрамлъун чIезабуна 1994 соналъул 16 маялда РФялъул президентасул указалдалъун.

Гьелъие багьаналъун ккана Москваялдаги Архангельскиялдаги гьоркьоб Петр Первыйясул указалдалъун Россиялда тIоцебесеб почалъул мухь рагьаралдаса 300 сон тIубай.



Районалъул бетIер Шамил ГIумаровас районалъул почалъул хIалтIухъабазда ва ветераназда баркана почалъул къо, гьезул цоцоязе кьуна Баркалаялъул кагъталги. Гьездаса ккола гIемер соназ Эчеда почалъул отделениялъул бищун рикIкIада бугеб Метрада-Хушет участкаялъул почтальон Гъоркьхъваршиниса ГIабдулаев МухIамадги(сураталда кванаиса).

МухIамадица ракIбацIцIадго тIубала жиндирго тIадаб хъулухъ, тIурала гьединго гIадамазул мурадалги, лъикIаб хIалтIи гьабула гьес газетазе ва журналазе подписка гьабиялъулги.

Байрамалда хурхун МухIамадие Шамилхъалаялъул почтамталъул нухмалъиялъги кьуна грамота, гьединго гьажалда балеб сагIаталдалъун кIодо гьавуна гьев Агьвали почалъул отделениялъул нухмалъулев ГьитIвас ГьитIвасовасги.

«Почта Россиялъул» Севериаб Кавказ АОялъул макрорегионалъул нухмалъиялъ Баркалаялъул кагъат кьуна Агьвали почалъул отделениялъул начальник ГьитIвас ГьитIвасовасеги. Гьесул заместитель ПатIимат МухIамадовалъеги Шамилхъалаялъул почтамталъул нухмалъиялъ кьуна Баркалаялъул кагъат.

**Райадминистрациялда**

## Налогалъул налъаби рецIиялъул ва боцIуда биркаби чIваялъул суал борхана

17 июлалда районалъул администрациялда тIобитIана иргадулаб данделъи. Гьенир гIахьаллъана районалъул депутатазул Собраниялъул председатель МухIамад



НурмухIамадов, райадминистрациялъул бетIерасул заместителал Халилула МухIамадов ва МухIамад Сиражудинов, учрежданиябазулгун организациябазул нухмалъулел, росабазул бутIрул ва райадминистрациялъул хIалтIухъаби.

Данделъи рагьана ва гьелъие нухмалъи гьабуна районалъул бетIер Шамил ГIумаровас.

Данделъиялъул хал гьабиялде росарал суалазул аслиял-лъун ракIана налогалъул налъаби рецIиялъул, боцIуда биркаби чIваялъул, район гIуцIаралдаса 95 сон ва халкъазда гьоркьосел террористал Дагъистаналдаса къватIире гьариялдаса 25 сон тIубай кIодо гьабиялде хIадурлъиялъул суалал.

Налогазул налъаби рецIиялда сверухъ гьабулеб хIалтIул бищун кIалъазе вахъана райадминистрациялъул хIалтIухъан МухIамад КуратмухIамадов.

Щибаб данделъиялда бицаниги, налогазул налъаби рецIиялъул хIалтIи хIинцго унеб бугилан абуна МухIамадица.

Кинго бичIчIуларо бюджеталъулал организациязбазда НДФЛалъул ва социалияб фондалде унел взносазул налъаби ккей. Гьеб кколин учрежданиябазулгун организациябазул нухмалъулезул жидерго тIадал ишаздехун бугеб тIаса-масагояб бербалагьиян абуна Шамил ГIумаровас. Гьединал хIужабазе кьимат кьезе бугин лъазабуна гьес.

ГIадамазул гIи-боцIуда биркаби раялъул суал кIиабизеги буго нилъеца гIенеккулеб. Цебесеб данделъиялда бицунги букIана гьелъул хIакъалъулъ, гьанжеги тIадруссине ккола руго гьебго суалалде щиб гIилла гьеб хIалтIи бехьерхьиялъе ва щиб гьабизе пикру бугеб,-ан байбихьана Шамил



ГIумаровас гьоркьоб лъураб кIиабилеб суал.

Жакьа къоялда гьеб рахъалъ районалда бугеб ахIвалхIалалъул бицана районалъул ветеринарияб управлениялъул начальник ПатIимат Маликовалъ. Россиялъул «О ветеринарий» абураб федералияб законалъул тIалабал тIурачIого кинго тIубаларебльи ва сундуего гIоло хIукуматалъ гьел тадбирал гьарулел ругелали бицана районалъул бетIерай ветеринаралъ. ЦохIо гIи-боцIул хIисаб гьабиялъул гуреб, гьезда бахунеб унти нахъ чIваялъе, гьелъул аслу ва гьеб тIибитIиялъе ругел нухал лъазариялъе, гьелде данде эпизоотиялъулал тадбирал гьариялъе гьабулеб хIалтIи ккола гьеб. Гьеб бичIчIизабизе ккола гIадамаздаги. Жакъа гIадамазда гьоркьоб гIи-боцIудаса налогал иналъе гьабулеб хIалтIи бугилан абурал харбалги рицун, хIукуматалъ халкъалъул сахлъи буголъиги цIуни мурадалда гьабулеб хIалтIуде данде чIолел руго гIадамал. Ветеринариял хIалтIухъабазги росдал нухмалъулезги, жидерго чIагольи гьечIольи бихьизабичIого гIадамазда гьоркьоб гьабизе ккола бичIчIи кьеялъул хIалтIи. Гьединабго хIал букIана «Короновирус» баккараб мехалъги. ХIукуматалъ халкъалъе лъикIлъиялъе гурони кинабгIаги хIалтIи гьабулареблъи лъазе ккола нилъеда,-ян абуна районалъул бетIерас.

Район гIуцIаралдаса 95 сон тIубаялъул юбилеялде гьабулеб хIадурлъиялъул бицун кIалъазе вахъана спорталъулгун гIолилазул ишазул отделалъул нухмалъулев ТIалхIат ГIабдулбасиров.

Данделъиялда гьединго гIенеккана цогидалги суалал, рихьизаруна лъикIал рахьалги кIвар кьезе кколел бакIалги.

**ГI.Малачдибиров**

**МацI-халкъалъул тарих**

# МагIарул мацIгун адабият бокьулезул конкурс

***Баркала, МухIамад, лъикIал ишазухъ, лъикIлъи бикьулаго толеб гIумрудухъ…***

ГIадан-гIумруялде вачIарав гьобол,
Гьобо гIадин вуго даим ххенелев,
Гьабикье мугьаллъун унел гIадамал,
ГIедегIун рихьула дунял хачазе.

Нилъее батула бетIергьанасде,
РитIарал квералги, рекIел дугIаги.
Нилъее батула гьабураб лъикIлъи,
ЛъикIлъи бикьулаго арал лахIзатал.




МухIамад АхIмадовасул гьал рагIабаздасан байбихьизе бокьун буго дие нилъер ракьцояв, жив вижараб росуги, районги, гIадамалги рокьулев, гьезиеги хирияв, ракIбацIцIадав, тIолгояз лъикIлъи бикьизе хIадурав Москваялда чIарав Гьоркьгъаквариса врач-травматолог ГIабдулхабиров МухIамадил жигарчилъиялдалъун жидецаго кучIдул хьвалел лъималазда гьоркьоб араб гьатIанкъоялъ Агъвали тIобитIараб литературияб конкурсалъул хIакъалъулъ макъала.



Унго-унгоги гьеб гьедин буго, щайин абуни, жакъа хIисаб гьабураб мехалда, лъагIалида гьоркьоб цо нухалъ щолеб жиндирго хIухьбахьиялъулаб заман гьес инабула гIагараб росулъ ва районалда батIи-батIиял тадбирал гьарулаго, гIадамазе лъикIлъи гьабулаго, хIажатасе кумекалъул квер бегьулаго.

Дица гьесие сайгъат гьабураб кочIолъ руго гьадинал рагIаби:

**Мунго Москаялда, ракI дур магIарухъ,**
**РикIкIад вугониги мун нижгун цадахъ ...**

Конкурс тIобитIизе къачIараб районалъул маданияталъул кIалгIа берцинго къачIан букIана лъималаз гьарурал, угъарал, хьухьарал жалаз, тIугъдуз, баннераз, умумузул букIараб къайи - къоноялъ.

Конкурс рагьана Россиялъул гимналдаса. Гьенир гIахьаллъана районалъул бетIер Шамил ГIумаров, Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъул депутат ГIабдурахIман Камилов, Дагъистаналъул халкъияв артист, композитор Каримуллагь Г1абдулаев, меценат АхIмад ГъазимухIамадов ва тадбиралъул гIуцIарухъан МухIамад ГIабдулхабиров.

Конкурс баркун ва гьелъул мурадалъул бицун кIалъазе рахьана Шамил ГIумаров, ГIабдурахIман Камилов, Каримуллагь ГIабдулаев, МухIамад ГIабдулхабиров ва ГIабдула Зубаиров.

Конкурсалъул букIана лъабго батIияб номинация: гIурус, магIарул ва хьвай-хьвагIай гьечIел рахьдал мацIазда хьварал жидерго асарал цIали. Гьезул щибалъе рихьизарун рукIана дипломал ва гIарцулал сайгъатал: тIоцебесеб лъабго бакIалъе-лъабазарго гъурущ, кIиабилеб лъабго бакIалъе -кIиазарго гъурущ, лъабабилеб лъабго бакIалъе - азарго гъурущ. ТIадеги бихьизабун букIана миллияб ратIлида цеве вахъарасе азарго гъурущ, балагьаразул ракIал асир гьарурасе щунусго гъурущ, кучIдул ахIарасе азарго гъурущ.

Жиндирго рахьалъан лъималазе гIарцулал сайгъатал гьаруна ГIабдурахIман Камиловасги.

Конкурсалда гIахьаллъаразул цониги чи хутIичIо гIарцулаб сайгъат щвечIев, гьезул щивасе кьуна азаазар гъурущ. Балагьарал ва гIахьаллъарал рази-ракиго, рекIелъ хинаб асаргун ана гьениса нахъе.

Гьаниб абичIого гIолареб жо буго, кьобакьанагIан холеб буго авар мацIалъул къадру ва къимат, цIакъ кьанагIат гурони гьечIо гьеб мацIалда цIализе ва хьвазе бокьарал цIалдохьаби. Гьеб гIемерисеб бараб буго рокьоб кьолеб тарбиялда.

ТIоцебесеб авар мацIалде рокьи бижизабиялъе кан бакизе ккола эбел-инсуца рокьоб. Гьеб рокьоб бакулеб гьечIони, кьватIиб гьелда цIа рекIун чIезабизе цIакъ захIмалъула. Улбуз тарбия кьолаго кIудияб кIвар гьабизе ккола рахьдал мацIалда гурого лъимал кIалъангутIиялде. ЦIакъ рекъечIеб жолъун бихьула дида нилъер заманалда харабазда аскIобги гIолохьанаб гIелалъ бицунеб чияр мацI. ГьитIинал лъималаз гьура-чункун гьеб бицунелъул гьездаса роха-хинлъун ва чIухIун рукIуна умумул. Рахьдал мацI бокьулел, магIарул яхIги махIги цIунарал хараби гьечIел хьизанлъималаз рахьдал мацI бицунгутIиялде ккун буго иш. Гьезул лъималазда рахьдал мацI рагIулеб буго цохIо авар мацIалъул дарсида.

Дир пикруялда, рахьдал мацI тIагIиналъе ва гьелда кIалъалел гIадамал къо бахьанагIан дагьлъулел рукIиналъе гIемерал хIужаби руго. Бищунго кIудияб хIужалъун ккола Интернет ва телефон. Нилъее гIумру бигьалъиялъе ургъараб Интерненталъ гIемераб квешлъиялде рачунел руго, нилъ дагъистаниял рукIин кIочон тарал лъугьа-бахъинал гIемер кколел руго.

Дагъистан ккола нус-нус соназ умумуз цоцахъе кьолаго ирсалъе тараб жидеего хасиятаб гIамалхасияталъул гIадамазул улка. Гьелъул цо бутIа, цо гIаркьел ккола цIар берцинаб нилъер ватIан ЦIумада районги. Унгого-унгоги иманги бугел, чорхолъ яхIги бессарал, намусги бечедал, гьоболлъиги, гьудуллъиги, гьуинлъиги, чIаголъиги тIолго гIаламалъе кьолел чагIи руго нилъ-цIумадисел, амма жакъа бугеб ахIвалхIалалъухъ балагьун гьедин абиларо.

Гьаб ахираб заманалда щиб нилъее ккун бугебалиги бичIчIулеб гьечIо. Хун буго маданият, хун буго умумуз нилъее ирсалъе тараб гIамалги, гIадатги, хьвадачIвадиги, рукIа-рахьинги, релъи-хъуйги, ихтилат-кепги. Ццин, жахIда-хIусуд гIадамазулъ гIемерлъун буго. РачIа нилъеца нилъерго умумузул мацIги, цIарги, миллатги, маданиятги цIи гьабизе.

Макъалаялъе ахир лъезе бокьун буго дирго рагIабаздалъун:

-ЛъикIлъи бикьулелги, лъикIлъи кьолелги,
Ахираб заманалъ цIакъ дагьлъун руго,
ГIун рачIунел ругел рикьалабаца,
РахIат-хIалхьи гьечIо Дагъистаналъе.

Дица дир ракьалъе, Дагъистаналъе,
Ракълилаб гIумругун рекъел гьарула,
Рохел, аваданлъи, талихIаб яшав,
Дирго ракьцоязе гьарула дица.

ГIаданлъи гIарцуца гуро борцунеб,
ХIакимлъиги гуро ракI бахилаб жо,
ХIакимгун бечедав, мискингун пакъир,
Аллагьасда цере ращалъулелин

ГIаданлъи, гьуинлъи, цолъи гьарула,
Гьудуллъи гьарула саву кколареб
БотIрол расал рикIкIун гIумру гьарула,
ГIумру берцинлъизе сахлъи гьарула.

Гъоркьехун бахъулеб буго конкурсалда гIахьаллъарав МахIачхъалаялъул 34 аб. школалдъул 9 классалъул цIалдохъан Къедиса ИмангIалиев МухIамадханил кечI.

**Душа усопшего солдата**

Июнь. Прекрасно небо розовело.
И теплый воздух остывал,
А я все ждал как стихнет ветер
Вот долго думал, да гадал.

Скрипят соседские сараи
В деревне той, что пострадало,
В деревне этой за оградой
Душа усопшего бывало.

А главный крест, что больше всех
Под ним лежат кровные братья,
Что за деревни воевали
Герои долгих страшных лет.



При каждом шаге слышен хруст
Угля и пепла тех избушек,
Из них я слышал крики мук,
И гулы адских, мертвых пушек

И ту могилу осветила
И словно ангел в свету,
Меня, как будто пулей сбило
Упал на жженную траву

Загадка призрачной деревни
Все также мучала меня,
А эту братскую могилу
Вовек запомнила душа.

**Сураталда:** жиндирго рагIабазда кечI ахIулев МухIамадхан ИмангIалиев.

**Заира ГIалиева**

ГІагараб ракь

# МагІарухъги буго гІураб чІаголъи

Рорхатал мугІрузул ракьанлъиялда бугеб Хъварщи кІалахъ бугониги, жиндиего хасиятаб бечедаб тарихалъул росу буго дир умумузул Инхокъвари. Гъале жакъаги иргадулаб нухалъ щвана дун дирго гъудул ва росуцояв ХІамзатгун цадахъ гІагараб ракьалде. Жиб-жиб нухалъ гъал гІадамаз гІажаиблъизавула гІага-божарав вукІа, рикІкІадаб Москваялдаса вачІарав гІурусав вукІа тІаде вачІарав гъобол къабул гьавиялъул рохха-хинлъиялъ.

Къаси сордо дихъ базе кколин цояв, гурин цониги нухалъ щун вукІинчІин кІиабилев, гъев дир бищун цевесев гІагарав чи вугин, дица гъев лъихъениги ва кивениги виччаларин абун лъабабилев. Гъединан дагІба-къецалда рукІуна инхокъварисел тІаде вачІарав гъоболасдаса рохха-хинлъиялъ.

МугІрузул улкаялда билъанхъараб умумузул гІадатазда рекъон, дица тІоцебе нуцІа рагъула росулъ бищун кІудияв ва адаб-хІурматалъе мустахІикъав 83 сон барав Расулил Гъайирбегил рокъобе. Жакъа гъасул рокъоб кІудияб роххел буго. ГІатІиракьалда бугеб Октябрьское росулъ ригьнада йигей кІияйго яс Сакинат ва Халипат ячІун йиго жидерго лъимал-хъизангун инсуда гьавураб къоги баркизе, гьесухъ гъоболлъухъ цо чанго къоги базе.

-Лъималаз, гьазул эбел къадаралде щун гІемерал сонал аниги, дун цохІого толаро. РачІуна сонайилго дир ракІ бохизабизе ва дун парахалъиялда вугищали ралагьизе жидерго гьитІичалги рачун. Ана санал, гІемер бихьана къварилъиги, раччана захІмалъабиги, камичІо роххалил сагІтал, минуталги. Бищун кІудияб рохел лъимал лъикІаб гІамал хасияталдалъун, гІадамазе пайдаяллъун лъугьинедухъ куцазе гІумруялде хІадуризе бажари,-ян бицана Гъайирбегица. Жакъа Гъайирбегил лъихъаго нечезе бакІ гъечІо. БергьарараI батІи-батІиял махщелал кодор ругел устарзаби руго Гъайирбегил васал ва дурцал: къадахъабиги гьел, цІулал устарзабиги гьел. Живго Гъайирбегги цо минуталъниги хІалтІи гьечІого чІоларо. ГІумрудул анцІила анкьго сон букІана гьесул эбел Муслиматгун ва ПатІимат яцгун цадахъ Чачаназул Дышни-Ведено росулъа гІагараб Инхокъвари росулъе тІадвуссиндал. КІванадисел ратана гьазда гьенир жидерго ва колхозалъул гІи-боцІи хьихьун.

-Доб 1957 соналъул хаслихълъиги хаселги кІванадисезул боцІухъабаз дир рокъоб бана. Хадур ихдал ана нахъе жидерго боцІигун. ГІакъубаги къварилъиги дагъабишха бихьулеб рукъзал разе кведал, цІидасан магІишатги гІуцІизе байбихьидал. Дир эмен Расул рагъда хвана, дун гьавизе цо чанго моцІ хутІидал ун вуго гьев армиялда. Финазулгун букІараб рагъда гІахьаллъун хадув эмен ккун вуго Ленинградалъул фронталде. Гьенив блокадаялдаги ккун чІван вуго эмен. Блокадаялда ккун чІварал рагъухъабазул цІаразда гьорлъ мемориалияб хьорщода гьесулги цІар бугин бицана Ленинградалде щварал росуцоязилан щвезабуна ракІалда жиндирго гІумруялъул цо-цо суратал. Заочнияб къагІидаялъ гьоркьохъеб школаги лъугІизабун, Гъайирбег гІемер соназ хІалтІана Инхокъвари росдал Советалъул секретарьлъун. Гъединго гьев вуго бергьараб махщелалъул найихъанги.

-Исана гьацІил бачІин гьедигІан дун разияб хІалалда ккечІо. Бугониги, гьалбадерида цебе лъезе, чай гьекъезе жо букІина,-янги абун цебе цо кІудияб хъаба лъуна Гъайирбегица ва хадубги жиндаго лъалеб росдал тарихалъул бицине жувана. Гъале гьав нилъеда аскІо гІодов чІун вугев ХІамзатил эмен Халит вукІун вуго цІакъ бахІарчияв чи. ХІисаб гъабеха доб «Халкъалъул тушманин» цІарги жив парторгасул хъулухъалдаса вахъизеги бегъулин, туснахъалъувеги тІамизе бегъулин, хІатта чІвазегицин бегъулин абураб жоялдаса. Гьединан рачун ана ва Мурманскиялъул рохьазда хвана росдал гІалимзаби МалламухІамад, Набиюлла, Давуд ва цогидалги. ЦІаларал, гІараб гІелмуги лъикІ лъалел гІадамалги гІемер рукІана, амма тІадегІанаб советияб лъай бугев чи районалда доб мехалъ цохІо дир инсул вацц Муртузалиев Муртуз вукІун ватила. Гъале жакъаги дица цІунун буго гьесие 1940 соналъ СССРалъул прокуратураялда цебе букІараб юридикияб институт лъугІизабунин абун кьураб диплом. ГІемерал жавабчилъи цІикІкІарал бакІазда хІалтІана дир имгІал ва ракІбацІцІадаб хІалтІухъ шапакъаталги щвана.

Ниж гьедин рекІее асар гьабулеб хабар-кІалалда рукІадго тІаде щвана МахІачул МухІамад ва жакъа гьанирго чІезехьинцин гурищ нужилан тІаде рахъинаруна. Росулъ бищунго гьалбал рокъулев чи вугин абула МахІачул МухІамадида. Гьесдаса гьалбал рокъоре ахІизе, гьезие адаб-хъулухъ гьабизе, тІаде рачІаразул мурадал тІуразе гІедерав вуго МухІамадил мадугьал ГІисал МухІамадил вас СагІитги. Живго мунагьал чураяв ГІисал МухІамадги вукІана гьединавго тирияв чи. Рагъул ветеран тІоцебесеб къоялдасаго нахъе рагъ лъугІизегІан вукІана гьев кодоб автоматгун фашистал гъурулев. ТалихІалъ, тІадвуссанаха рокъове. Гьев гуревги рокъове рачІана рагъул ругъналгун Курскиялда ккараб рагъул гІахьалчагІи ЖабрагІил МухІамадов, разведчик Къурбан Вазуев, заруца анкьго фашист чІварав ГІабдужалил МухІамадов.

Жакъа инсудаса ирсалъе щвараб лъикІаб гІамал-хасиятгун яшав гьабулев вуго ГІисал МухІамадил вас СагІитги. Гьеб къоялъ къарияб бечеги хьун гъоболлъи гьабуна нижее СагІитица. МухІамадил хъизан ХІавацайин абуни цІурачадал гьаруна.

ГьабсагІаталда цІакъ хІалуцараб заман буго нижер магІарухъ, август моцІалъ хІадур гьабула хасалие гІи-боцІуе рагІи-хер. Метер дунял рогьарабго, бакъ багІарилалде, гвай гьабун дир доре магъилъе ине руго. ХъварщикІкІалахъ тІарада бугеб Хонохъ росулъа дир яц Зайнабги ячІун йиго кумекалъе. Нилъаз бецула магІарухъ хер, руго бакІал харицелаз рецизе бегьулелги,-ян радалилалде хІадурлъи гьабизе хер бецизе кумекалъе рачІаразе квен-тІех хІадуризе жуяна рукъалъул хважаин ХІава. ХІавалги МахІачул МухІамадилги вуго ункъо вас. Гьезул кІудияв инсул цІар лъурав МахІач жиндиего бетІербахъиялъе ва эбел-инсуе кумекалъе гІарац гьабизе ралел бакІазде уна, гьесдаса гьитІинав Шамсудин эбел-эменгун росулъго вуго, ЗагІалав Ростовалда вуго цо спортивияб организациялъул председателасул заместительлъун. Жиндир заманалда гьес боксалъул рингалда гІемер лъикІа-лъикІал хІасилал рихьизаруна ва спорталъул мастерлъун вахъана, бищун гьитІинав Зубаирги жиндирго бизнесалда жуван вуго. Амма гІагараб росуги, умумузул ракьги гьезда кІочон толаро. Гьале бана МахІачица инсулазда аскІобго кутакаб кІитІалаяб мина. Гьединабго лъикІаб яшавалда руго МухІамадилги ХІавалги васал. Эбел-эменгун цадахъ росулъ чІарав Шамсудин гьал къояз хасалоялде боцІуе рагІи-хер гьабиялда тІаделъун вуго.

-Эбел нижер Хъварщиса йиго, дун гьенив вуго гьал къояз лъун какал ралел ругиланцин туснахъ гъарулеб заманалъ, какал ралезул цІарал районалде щвезарулев цо чи ( цІар бицун хІажат гьечІо) тІаде ккун вуго, ва хадубккун гьев чиясул рокъовеги ун къалъул какги бан, гьанже партсобраниялде ине ругинха кІиявго гьудулин абун буго Халитица. Гьелдаса нахъе гьеб къабихІаб иш гьабичІин жинцаян бицунеб букІун буго гІадамазда жинцаго гьев чияс. Бихьулищха мунагьал чураяв Халитил бахІарчилъи. ХІинкъун гьечІо расги бецулев, гьеб бакІарулев. Доба ХварщикІкІалалъул тІарада байданлъи буго, харицелалъ бецизе рес буго, бецун бакъвазабураб рагьда щвезегІан машинаялъ баччула,-ян бицана Шамсудиница.

МухІамадил мадугьал СагІитил анлъго лъимер буго, цохІо йигей яс Аминат СагІитица жиндирго мадугьал МухІамадил вас МахІачие кьуна, гьале бижана гІагарлъи. Жийго Аминат росдал медпункталда тохтурлъун хІалтІулей йиго. Щуго васасда гьоркьов бищун кІудияв СагІитил вас ГІалица лъарал рагІалда цо берцинаб расалъиялда бана батІа-батІаго анлъго рукъги столоваяги. Хадур рукІине кколел квегІенлъабиги ругел кІудияб мина ва гьелда цІар лъуна «Гъалбадерил рукъ-Инхокъвари».

Валагъ захІмалъи бихьичІогоги, харжал гьаричІогоги бажарилищха цо чиясда гьадинаб кІудияб мина базе. АнцІгогІан соналъ халат бахъана гьадинаб берцинлъи лъарал рагІалда бижизабизе гьале гьанже рес буго рачІарал туристазе сордо базеги, магІарухъ гьабураб тІагІамаб квен квинеги. Баркала гьав гІагарав чи ХІамзатие. Умумуздаса гьесие ирсалъе щвараб ракь кьуна гьес дие расги гІарацги дихъа босичІого. Нужее хасаб гьоболлъиги букІинарищха дирилан абун кІалъана ГІали цадахъ вачІарав гІагаравчи ХІамзатидехуни вуссун. ТІолабго хъизан буго СагІитил ГІалил гьанире рачІунел гьалбадерие хъулухъалъе бахъунчІун. ГІалил вас МухІамадица бицана жиб-жиб къойил анцІ-анцІ чи рештІунин гьалбадерил рокъореилан, хадуб гьес рихьизаруна лъаб-лъаб чи рештІизе, рега-рахъизе квегІенлъи бугел рукъзал. Жибжибалъуб гьаниб буго регизе санагІатал кроватал, шифонерал ва гьезда жаниб бацІадаб бусадул къайи-цІаги. Киналго шартІал чІезарун руго гьалбадерие гьанир.

- Араб соналъ гІемерал туристал рачІун рукІана Москваялдаса, Питералдаса, Сочиялдаса, Новороссийскиялдаса, Пермь шагьараздаса. Киназего бокьана мугІрул тІабигІат, гьекъана даруяб минералияб лъим, амма нухал лъикІал рукІаралани, цІакъго лъикІ букІинаанги абуна гьез.

Цодагьал цере къояз анцІила щуго чиясдаса гІуцІараб Дагъистаналъул батІи-батІиял миллатазул спортсменал-мотоциклистазул къукъа бачІун букІана. Гьел МахІачхъалаялдаса къватІире рахъун Лавашиса, Хьаргабиса, Хунзахъа, Болъихъа, АгъвалисаI щун руго Инхокъварире. Гьаниб цо сордоги бан гьудулльи-вацлъи халкъазда гьоркьоб щулалъизабиялъул маршбросокги гьабун гьел ана цІунтІадерил мугІруздаса БежтІе щвезе. Хадурккун гьезул планалда рекъон гьел щвезе рукІана ЛъаратІа, Анцухъ, Шамил районалъул росабалъе,-ян бицана ГІалица.



«Инхокъвари» гъалбадерил рукъ



Ниж гьедин хабар-кІалалда рукІадго, тІаде щвана цойги тІолгороссиялдаго жиндир цІар рагІизабурав гІалимчи, тохтур геренжабаз гІемерал унтаби сах гьарулев медициналъул гІелмабазул кандидат Абуязидов ГІали. ГьедигІанго рикІкІад гьечІо Инхокъварисан гьесул умумузул росу КІванкьада.

ГьабсагІаталда жиндие хІажат бугин магІарухъ гьарурал хинкІалги кванан цодагьалъ хІухьбахъизе. Щиб бицаниги, кІудияб нух нахъа танин жинца МахІачхъалаялдаса бахъараб гьаниве щвезегІаниланги абун, ГІалица столоваялдехун сапар бухъана.

МагІарухъ гьабураб сапаралъул кІиабилеб къоялъ нижее рес щвана Инхокъвари росдал бегавул мунагьал чураяв МагьдимухІамадил вас ГІабдулнасирилгун дандчІвазе. Къоло лъабго сон буго гьесул гІагараб росдае нухмалъи гьабулелдаса. Райадминистрациялдаги рази руго ГІабдулнасирица росдал гІадамазул яшав лъикІлъизабиялъе гІоло гьабулеб хІалтІудаса. Гьелъие нугІлъи гьабула бегавуласул кабинеталъул къадазда чІван ругел рикІкІен гІемерал грамотабаз.

ГIагараб ракь

# МагIарухъги буго гIураб чIаголъи

3

-Дунго бетIергьанаб тIадагьаб машинаги бичун «ДТ» трактор бульдозер босун буго дица. Гьеб хIалтIизабизе чи валагьизелъун сон ТIиндиве ун вукIана,-ян бицана ГIабдулнасирица. МагIарухъ гьадинаб трактор гьечIого тIубаларо. Хаслихълъи тIаде щолеб буго цIадал разе байбихьила. Нухазда квалквалал рукIуна гьединаб заманаялъ жиндир заманаялъ гьел къачIачIого, рацIцIад гьаричIого тIубалищха.

-Жакъа щиб жо кколеб битIараб къагIидаялъ рехсон абила администрация сельского поселения «Сельсовет Инхокваринский» абураб суалалъе ГIабдулнасирица бицана росдал советалде гьоркьоре унин азарго гIанасев чи вугеб лъабго росу. Гьениб буго кинабниги 180 цIараки. Санкьада росулъ буго 35 цIараки, КIванкьада-17, ТIасияб Инхокъвари-82 цIараки, гьел киналго росабазул гIадамал руго гьоркьохъеб хIисабалъул магIишаталъул чагIи. Живживасул къавулъ буго 3-4 гIака, 30-40 гIиялъажо. ГIадамазе хIалтIизе бакIал кисаха гьанир рукIунел, гIатIиракьазда ругел инхокъварисезулцин гьечIел. Яшав гьабулаха Ставрополалда ва Краснодаралда ралел бакIазда къадахъанлъи гьабун. Хасалоялде гIураб жоги босун тIадруссуна гьел рокъо-рокъоре. Гьединаб захIматаб ахIвал-хIал бугониги, росу гочиялда пикру, хиял лъилго букIунаро. Ахираб заманалда цIилъун бачIунеб буго росу, кIитIалаялцин минаби ралел руго инхокъварисез. ЦIияб бакIалда гIурул рагIалда гочун цIияб росу бана санкьадисез, квешаб ахIвал-хIалалда гьечIо кIванкьадиселги. Росдал Советалъул администрациялъги кIудияб хIалтIи гьабулеб буго гьезул яшав лъикIлъизабиялъе гIоло. Жиб-жиб росулъ буго хIалтIулеб школа, фельдшеразулгун акушеразул пунктал, жибго Инхокъвари бан буго лъималазе кIудияб спортзал, бищунго гIисинал лъимал къабул гьарула лъималазул ахалъ.

-ГIумру гьабиялъул шартIал шагьаралъулалде гIагарлъулел ругилан бицана хадубги ГIабдулнасирица.

-Къого-лъеберго сональ цебе бицунеб рагIун букIарабани тIадмагIарухъ бугеб гьитIинабго росдал гIадамазул рокъобе цIорораб иццул лъим бачун бугилан, гьанже гIеретIгун къулгIадухъе лъел цIезе иргаялда чIезе ине кколарин, гьадингосел маргьаби ругин абиланха. Амма гьеб маргьу гIумруялда бахъинабуна. ТIасияб Инхокъвари росдадаса анкьгогун бащадаб километралъул манзилалда бугеб Хъваратикьо бакIалдаса рогIралги лъун иццул лъим щвезабуна Гъоркьинхокъвари росдал г1адамазул рукъзабахъе. ЦIилъулеб буго гIумру, лъикIлъулеб буго яшав тIад магIарухъ ругел гIисинал росабазул. Гьелъие квербакъи гьабула, гурун гъуждулгун, жалго росдал гIадамаз. Лъидаха ракIалда ккезе букIараб гьаб киназдаго кIочон тараб, чанцIул гьанире щваниги балагьун бер гIорцIулареб тIабигIаталъухъги балагьизе, цIар рагIараб даруяб «Регьа» лъимги гьекъезе Россиялъул батIи-батIиял шагьараздаса рикIкIен гIемерал туристал рачIинин ХъварщикIкIалахъилан.

ЦIумада районалъул эхеде мухъалда борхалъуда ругел росаби ккола Силди, Гьакъо, Хушет, Метрада, Гъоркьхъварщини, ТIадхъварщини, Цихалахъ ва ХъварщикIкIалахъ бугеб ункъо росуги. Араб сональ районалъул центр Агъвалиса 90 километралъ рикIкIада гуржиязул гIорхъода бугеб Хушет росулъеги рагьана машинаби хьвадизе рес бугеб шагьранух. Инхокъварийин абуни, шагьранух гьабун буго ТIасияб Инхокъвариса жеги 15 километраялъ магIардехун балагьун. Гьаниб ралъдал гьумералдаса 3000 метралъул борхалъуда лъезе байбихьун буго телевизионнияб вышка, гьелъ рес кьезе буго эркенаб къагIидаялда «Мегафон» ва «Билайн» бухьеназул каналал хIалтIизаризе гуребги, телевизоралъул 20 канал хIалтIизабизеги. Киналго ункъракьалъул росабазул вакилзаби рачIана гьенире ток бачине хIубал лъезе ва цогидабги хIалтIи гьабизе. Цадахъ рекъон гьабураб хIалтIул хIасилги лъикIал ккана.

-Квалквалалги, камиялги, захIмалъабиги дагьал гьечIо, -ян бицана ГIабдулнасирица. ТIасияб росдал цо авал чукIун ана кIкIалахъе. Гъоркьияб Инхокъвари росдада гъоркь геодезистазул бихьизабиялда рекъон рагIула хIор. ГIицIго гьеб сабаблъун цо-цо росдал чагIи гочун ине кколел руго бакI-бакIазде умумузул росу-ракьги тун. Хал гьабизе рачIарал специалистазул хIукмуялда росу хIинкъи бугел бакIалдаса рикIкIалъизабизе кколин бихьизабулеб буго. МагIарухъ росаби цIунизеги кколин, гьел чIунтизеги хвезеги тезе бегьуларин ахIи балеб заманалда, бегьилародай нижер росабаздехун руссун цо-цо тадбирал гьаризе?

ЛъикI букIинаанха гьединан ккани.

**Гирай ХIайдаров**

# Законалъул тIалабал цIунизе ккела

Районалъул муниципалитеталда ва бакIалъулал органазда церечIарал масъалабазул цояблъун ккола районалъул бюджет дагьабги цIикIкIинаби. ТIоцебесеб иргаялда гьелъие къваригIула налогалъулаб база гал бюджеталде рехизе.



Гьелъул мурадалда дагьаб цебе районалъул бетIер Шамил ГIумаровасул бихьизабиялда рекъон райадминистрациялъулги, федералияб налогазулаб хъулухъалъул республикаялъул управлениялъулги, полициялъулги хIалтIухъабаз Агъвали ва КIочIали росабалъ тIоритIана даран-базаралъул бакIазда налогалъулал законал тIураялъул хал гьабиял.

Гьелъул хIасилалда тIатинабуна даран-базар гьабулеб лъебергоялдаса цIикIкIун бакIалда налогалъулал законазул тIалабал хвезариялъул хIужаби.

Пачалихъияб хъвай-хъвагIай гьабичIого ва налогалъулаб учеталда лъечIого хIалтIизабулеб батана щуго тукен, гьединго контролиябгун кассаялъулаб техника гьечIого хIалтIизабулеб батана къоло анлъго тукен. Гьезул бетIергьабазда тIад гьаруна административиял протоколал ва лъазабун тана законалъул тIалабал тIуразе ккелилан.

**М. КуратмухIамадов**

Фестиваль

# «МугIрузул гьаракь»

Гьал къояз Казбек районалъул Дилим росулъ тIобитIана «МугIрузул гьаракь» абураб республикаялъулаб этнокультурияб фестиваль. Гьенир гIахьаллъана Дагъистаналъул батIи-батIиял муниципалитетаздаса анцIила анлъго конкурсант. Гьел цере рахъана гIумрудул кIиго категориялде рикьун. Нилъер районалдаса гьенир гIахьаллъана цебеккун Шамилхъалаялда тIобитIараб фестивалалъул зоналияб этапалда призераллъун рахъарал Агъвали гимназиялъул цIалдохъаби - яцал София ва Асия ГIалимухIамадовал. ГIисинаб гIелалъулазда гьоркьоб гьей кIияйго яцалъ ккуна кIиабилеб бакI. Фестивалалъул гIуцIарухъабаз гьел кIодо гьаруна сертификаталгун дипломаздалъун, кьуна тIугьдулги.




Фестивалалде яцал хIадур гьаруна Агъвали гимназиялъул музыкаялъул учитель Асадула МухIамадовас.




Гьединал тадбирал тIоритIизе ккола зама-заманалда. Гьезул мурад ккола гIун бачIунеб гIелалъе миллияб мацIгун адабият ва маданият цIуни, гьезде лъималазул рокьи бижизаби. ЛъикI букIинаан гьединал тадбиразулъ ясазулго гIадаб гIахьаллъи васазулги бугони.

Лъазаби

**Районалъул нухазул участкаялъе къваригIун вуго лъабго хIалтIухъан: 1 механизатор-тракторист ва 2 нухазул мастер. МоцIрое харж 30000 -35000 гъурущ.**

**Бокьарас ахIизе бегьула гьаб номералде 8 964 0235959.**

**Утерянный аттестат об основном общем образовании №00518001020364, выданный Метрадинской средней общеобразовательной школой Цумадинского района 18 июня 2018 года на имя Давудова Ахмеда Хабибовича, считать недействительным.**

**БетIерав редактор Малачдибиров ГIубайдула СагIадулаевич 2-52-44**

**Редакциялъул (издателасул) адрес: 368900 Дагъистан Республика, ЦIумада район, Кьенгьара росу, Заводалъул къватI, 4**

**«ЦIумадисезул гьаракь» газета гIуцIарал: Дагъистан Республикаялъул «ЦIумада район» муниципалияб районалъул администрация (ОГРН 1020500562697)**

**Газета къватIибе биччана «Издательский дом «Дагестан» ГАУялъул типографиялда.**

**Адрес: 367018, МахIачхъала шагьар, Насрудиновасул проспект, 1 «А»**
**Тираж - 1193**
**Газеталъул индекс: 51377 (бащдаб лъагIалие) 63302 (лъагIалие)**

**Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул балъголъи гъорлъ бугел ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола.**

**Газета зарегистрирована Управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан. ПИ №ТУ05-00434 от 15 июля 2019 г.**

**Адрес электронной почты GoIostsumady@maII.ru**